Patih: Aaah, sakieu weh. Bener ieu teh Semar?

Semar: Muhun, simkuring

Patih: Bener?

Semar: Leres!

Patih: Hihihihihih

Cepot: Na kuat atohna, rek mere ka gorong-gorong meureun?

Patih: (ngalagu) Nggeus panggih, nggeus panggih, ngaran Semar nggeus panggih, eta nggeus panggih, ngaran Semar. Rrrrrrrr. Sageugeu saeundan, sageugeu saeundan. Ditunda na hulu lisung, batara asmara tea. Rrrrrr

Dawala: Lagu naon eta teh a?

Cepot: Bang Toyib, heuh, siateh1

Semar: Naah siateh kabina-bina teuingna eta deuleu! Teu appal kana lagu-lagu teh siah

Lain bang toyib nu kitumah na uwa?

Dawala: Ai bang toyib nu kumaha kitu?

Semar: Senang, hate teh senang, nu kitu pokonamah

Bohoong,

Cepot: Lagu bararohong atuh eta teh

Patih: Nuhun atuh kaula ieu geus panggih jeung Semar

Semar: Sumuhun, dupi maksadna?

Patih: Dupi eta anu pengekereth?

Semar: Pun anak

Patih: Oh, putra?

Semar: Sumuhun, pun anak

Patih: Eta istri apa pameget?

Semar: Pun anak teh lalaki

Patih: Paingan meui goring patut. Paingan meuni kasep

Cepot: Sieuneun atuh da aing re cengkat hungkul ge sieuneun

Sieuneun dikulum kang

Patih: Eh ai itu saha anu tukang?

Semar: Samii, eta ge pun anak

Patih: Oh, putra keneh?

Semar: Pun anak, Dawala ngarana

Patih: Ai eta nu diiket saha ngarana?

Semar: Sok tong ngabohong jang, tong ngabohong didieumah

Semar: Entong, era. Deuleu

Semar: Maenya unggal magelaran ukur ngabohong weh, jeung ngabohong.

Heuheu.. abdi Bandar termos

Suganteh Bandar bonteng

Patih: Kieu ieu teh, saderek Semar?

Semar: Sumuhun

Patih: Kaula dongkap kadieu teh teu aya sanes. Kahiji mah hoyong terang
kaula teh kaayaan di dieu

Semar: Sumuhun, dupi kakasih teh?

Patih: Ngaran mah Kalagundu

Semar: Kalagundu?

Patih: Sumuhun

Cepot: Kalagundu

Dawala: Ai gundu teh?

Cepot: Muncang anu ngan hiji dijerona teh disebut gundu

Etamah gendu

Cepot: Gendu atuh nu kitumah

Dawala: Ai nu dua?

Cepot: Asep Dampa nu kitu mah

Tong make Asep

Cepot: Tong make Asep, Dampa nu kitumah, heueuh nusok ngirim lauk

Dawala: Nu sok ngirim laukmah Asep Dampa etamah jeung pa haji Apo

Enyaa..

Cepot: Hmm..ai muncang anu tilu?

Dawala: Gindi

Cepot: Gindik

Ari muncangmah gundu, ari tukang mencetmah gundul

Cepot: Naon siamah anu dua damp amah anu hijimah sanglir. Na kana siki
kanyut atuh ta mah

Hahha, alus, tegas

Cepot: Na sia teh jorang

Dawala: Ah naha da euweuh nu lemesna nu kitumah. Matak dingaranan oge
omongkeuneun,

Cepot: Naha geuning taeun dingaranan, diomongkeun ku sia

Dawala: Taeun, kana naon taeun teh?

Cepot: Heueuh taeun weh kitu

Aya sengkeranana atuh

Patih: Kieu ieuteh kaula teh. Gaduh nagara, nganeta di nagara teh keur
katarajang rupa-rupa kajadian. Bencanaalamna, longsor, kahuruan.
Lamun usu hujan banjir. Huuuh rupa-rupa, can sunami, can
gunung bitu.

Cepot: Heuh nya eta teh beja eta teh, baheula oge na jaman rosulteh,
rosulullah teh nyaurkeun yen jaman harita parantos wancina
magrib, parantos geus reup-reupan, atuh komo ayeuna, nu matak
kudu areling oge. Enya, kitu. Da ari barang jadi ujug dunya mah
kenbae teu areling oge. Da etamah baheula pisan, heuheu. Matak
disebut geura areling oge nyaeta geus magrib. Kitu. Atuh etamah
kudu aya kebersamaan antara pamingpin pajabatjeung sarerea, ulah

rek patonggong-tonggong, paheuyeuk-heuyeuk leungeun paantai-antai tangan, gawe babarengan. Kitu.

Enya, bersatu kita..

Cepot: Bersatukita teguh, bercerai kita berei

Runtuh, tah eta

Semar: Runtuh..

Cepot: Tuh, bercerai kita kawin lagi.

Hahahaha

Patih: Ngan ieuteh aya hiji paranormal nu ngabejaan

Cepot: Kumaha ceunah?

Dawala: Kumaha ceunah?

Patih: Yen ieu teh cenah kudu ditumbalan ku Semar, Semar teh kudu diruang diditu. Ta dek dipaehan maksudteh. Tah ku hal sakitu, kumaha upami Cepot.. ieu tuan rama teh rek dibeuli ku kaula

Cepot: Euleuh, kabeneran..butuh duit simkuring teh

Semar: Ah, naaa atuh..

Cepot: Haduh, nepi ka dianggap domba bapa aing

Tinggal make tanduk

Patih: Heueuh nyaeta aingteh kitu, nyungkun ngomong kieu teh

Cepot: Ieu teh serius?

Patih: Heueuh

Cepot: Wantun sabaraha? Mung ieu teh nembe nengtet tandukna.

Ari reng-renganmah pialuseun

Cepot: Reng-renganmah pialuseun ieuteh ngan rada budayut, munglakna
ge nembe hiji ning tah eeh..tah kitu kulan

Semar: Ieu teh banyol

Patih: Lain, kaula lain banyol

Semar: Sing, singhareupan geura ku sia

Dawala: Kahareup, lalaki

Tembongkeun

Cepot: Deulikeun weh. Kumaha maksad teh?

Patih: Heueuh, eta Semar, rek dipenta ku kaula rek dibawa ka nagara
kaula, ku kaula rek dipeuncit diditu rek di ruang, di alun-alun keur
tumbal.

Cepot: Bajeg ku aing jelema kitumah.

Dawala: Upamiii salira meryogikeun Semar..

Patih: Heueuh

Cepot: Singhareupan heula ieu tah..

Sanghareupan heula kadinya

Cepot: Sanajan kuring ayeuna pendekna, eh jangkungna simkuringteh
ngan ukur samet susu didinya, tapi keur simkuring moal rek
njejatsatunjang beas, sanajan didinya kelas A, kuring kelas C mun
dina domba mah, tapi moal gimir kuring, moal gila ku ombak.

Di dieumah moal sieun ku didinya..

Cepot: Di dieu moal sieun ku didinya, tah ayeuna kari nanya, didinya sieun ku didieu?

Patih: Hihihihih...
Hihihihihih...

Cepot: Didinya tong seuri, da didieumah teu hayang seuri.

Dawala: Yeuh..

Patih: Naon?

Dawala: Upami leres-leres salira meryogikeun Semar Badranaya, tah ieu jalmi teh keur nguriling neangan tanding, ajakselang neangan lawan Saumur hirupna can nyahoan di getih sorangan. Pecakan tah tarangna dagor ku linggis

Patih: Kuat?

Dawala: Lain kuat, paeh.

Cepot: Yeeeeh..

Dawala: Sok singhareupan heula

Patih: Eta teh ngomong teu baleg?

Cepot: Heueuh

Patih: Heueuh atuh sok.. heuheuheu. Jadi..

(Musik, sinden)

Patih: Hehehehe

Cepot: Aing tea atuh murid bah Anen atuh pasar ikan, Cigereleng, heueuh?
Haying nyaho weh aingmah lah.

Patih: Hebat eta ngaleungitkeun ieu paneunggeul aing. Wet.. uluh eta hulu ngagadil. Nya, nyaho ge aing kelas C. Hebat euy..

Cepot: Moal sieuneun ka dewekmah da. Hayang nyaho weh aingmah

Patih: Naon pagawean sia nepi ka rikat-rikat teuing

Cepot: Aingmah mineung latihan, mineung jadi bobotoh domba

Patih: Eh bbereeee

Cepot: Enya, marukan meureun aingteh, tuh sarua jeung kang Nanang orang Cikadut, sajabana ti dewek bisa nyukuran domba, dewek teh pinter usik

Heueuh tah, tukang ulin

Cepot: Heueuh..

Patih: Waaaa..(gelut) hudang siah

Dawala: Euleuh.

Cepot: Wala wala wala wala, wala, Dawala.. laaaa

Patih: Sok siah dieu..

Dawala: Aduh

Patih: Usik siah..

Dawala: Deuleu

Patih: Huwaaaa hahahaha

Cepot: Tulung...

Patih: Sia haying nyaho..

(Sinden+ musik)

Dawala: Waduuh, pun lanceuk deuleu itu

Cepot: Wala, Wala.. tulung tulung..

Patih: Huwaaaaa hahahahaha. Hayu kamana si Semarna yeuh?

Eta geuning Sumarna aya.

Patih: Wehehehehe. Teu sangka ieu jelema suganteh rek lumpat

Kalah nyampeurkeun

Semar: Yeuh lain ge satria ai kudu lumpatmah

Sok ari rek newakmah mempeung lindeuk

Semar: Rek hade rek goreng, dua eta perkara teh kudu diolah. Ai ngejatmah aing, dewekteh teu sumerah hirup teh.

Patih: Heu? Bener maneh tega dipaahan?

Semar: Dina lebah dieu, sakuat tanaga ilaing, sok gunakeun, rek make tanaga naon siling? Naha aing mata peda? Apan di dunya teh deuleu yeuh, kudu bisa ngabubkak hartina teh kudu ngababad alas amr, dimana geus bisangababad alas amr, bakal ebreh saha-sahana.

Sok etaaa, alas amrna

Semar: Di dunya teh loba hijab, di dunya teh loba kedok. Loba topeng. Anu dikedokan ku kamaksudan nagara jeung bangsa, keur kapentingan nagara, euh naon naon, kapentingan rakyat padahal etateh ngan ukur kedok. Buktinamah loba keur kapentingan pribadina deuleu. Naon sababna dewek nyarita kitu? Sabab deuleu ieu hartina di dunya teh anu loba kapangaruhan teuing jiwa ragana ku urusan dunyawiah. Kakonengan teuing, da anu diudag-udagna pangkat dunya jeung sajabana sieun teu beunghar, sieun teu nyatu, sieun itu

sieun ieu, ahirna di dunya teh geus loba kasieun. Jalma tea, dimana geus loba kasieun mah bakal tega ngalahalkeun kana sagala rupa cara.

Taah, leres.

Semar: Ayeuna tina soal harta. Teu kurang-kurang jelema tina duler paku hinis, jadi pisah alatan warisan parebut harta. Loba jalma anu neangan untung tina enteng. Cig geura buktikeun pangaruh sia geus jadi jurig kitu teh.

Patih: Waduh..

Semar: Bejakeun siah, urang ucing-ucingan jeung aing. Nu neangan. Lumpat ka kidul, ucingna geus aya dibelah kaler. Nu neangan lumpat ka wetan, padahal ucing lumat ka kulon, disebut ucing-ucingan, da ieumah ucing nyaan.

Patih: Naaa etamah da ceuk Doel Sumbang

Semar: Heueuh! Baheula dijajah ku Walanda, tilu ratus limapuluhan taun, tuluy dijajah ku jepang tilu taun satengah. Rek ngadon bebetah didieu, tah ayeuna loba dijajah ku bangsa sorangan. Beh dieuna deuleu, aingteh dijajah bangsa aingteh ku diri sorangan, ku napsuna, jadi jalma anu teu kaopan, teu payaan.

Tah eta

Semar: Jalma sirik, pidik jail, kaniaya iren panastren teh geus nganci geus ngabagajug ka raga sukma, geus ngawujud jelema, geus jadi kulit jadi daging jadi sumsum jadi balung jadi bagal pangawasa, dimana geus kitu geus karatan, hese! Sok siyah!! Jurig sakti setan kumawasa moal leuwih mulya tibatan manusia deuleu!

Patih: Tobaaaaat..

Semar: Lain marukana aing teu nyaho meureun

Marukanana moal kakoreh meureun nya?

Semar: Salamet geuning kitu barudak geus tingkarurunyung deui.

Cape-cape silih teunggeul silih gebug.

Cepot: Heuheuheu.. haduh, haduh salamet mai pader?

Semar: Salamet euy mai san.

Cepot: Terimakasih atuh

Dawala: Haduh bapa salamet mmmmuacch, mmmmuach, mmm..

Disebrot etamah.

Cepot: Nuhun bapa salamet, eta teu pendak ku buta?

Semar: Kabur deuleu

Cepot: Dikumaha?

Semar: Ku dewek teu pira dijebian

Cepot: Heueuh da atuh bapamah tong boro ning ngajebian, dina henteuna
ge pikasieuneun

Semar: Aing teh geus ngamuk bieu.

Cepot: Naon?

Semar: Ah pokonamah aya weh ieumah urusan pribadi. Ngan dewekteh rek
muruhan ilaing jang.

Cepot: Muruhan naon?

Dawala: Muruhan naon bapa teh?

Semar: Silaing teh ku dewek tibaheula ti.. naon, ti kikirik, naon, ti kikirik nepi ka sagede anjing

Cepot: Enya..

Semar: Diurus ku dewek teh. Ku dewek can diburuhan, ngan dewek inget-inget jangji naon ka silaing?

Ingetan ari boga jangji teh sok pohoan.

Cepot: Aya jangji bapa.

Semar: Kumaha?

Cepot: Baheula ceunah ceuk bapa, lamun engke ceunah jang, lamun geus usum motor abi teh rek dipangmeulikeun keur ngojeg.

Hahahaha

Semar: Eeeeh, lain ayeuna, baheula

Cing inget-inget dina jaman galur

Cepot: Saur bapa geuning bari mapah. Abi leumpang,bapa mapah tipayun ning heueuh? Bari ku abi dina pudunan teh dicekelan geuning panangan bapa teh da sieun ticeureuleuk. Basa rek nabeuh ka Cikawari harita teh.enya

Semar: Tuluy?

Cepot: “jang ulah aral dibabawa ku dewek, keun da ngke ge aya buruh silaing. Bisi teu apal, sawarga teh nu dewek.”

Dawala: Heueuh bener bener, bener.

Cepot: Kitu. ngan abiteh kalah jebeng kasi Dawala harita teh nya Dawala?

Dawala: Heueuh

Cepot: Boga sawarga ge moal apruk-aprukan siga kieu. Logika weh abdimah ngomong teh.

Semar: Hahaahhaha, hayang dinyatakeun? Silaingteh ku dewek rek dijadiekuen raja ayeuna.

Cepot: Raja naon?

Semar: Pokona raja weh

Cepot: Raja singa?

Dawala: Raja naon?

Semar: Pokona ilaing saha annu pangsolehna bakal jadi raja diantara anak dua dewek ieu, dina henteuna oge silaing teh bakal jadi wakil ti raja. Anu hiji jadi raja, nu hiji bakal jadi wakil raja. Pokona ku dewek rek dijadikeun eta, ngan sing inget heula ai di dunya mah deuleu heuh, bakal sementra sagala rupana oge, tah etateh mangpaatkeun ku silaing. Lamun silaing nepi ka mulus, rahayu, gembleng nepi ka salamet, dipercaya ku sarerea, teu kudu kampanyeu deuleu

Teuuu...

Semar: Bakal langsung dipilih deui ku raja.

Cepot: Heueuh atuh teu nanon ai kitumah. Mempeung si Gareng keur ngojeg, tong sinah apaleun si etamah. Si etamah tong waka dijadikeun pejabat weh pokonamah si Garengmah karunya.

Semar: Naon?

Cepot: Alah, kasar kabina-bina, ggarelut wae si etamah

Semar: Naha?

Cepot: Eeeeh, si garengmah pareman, ngke lamun dijadikeun wakil rakyat atawa dijadieun raja, der weh ngkw teh parasea di luhur teh ku jalan pisik, apan etateh teu etis.

Enya jadi premanisme diangkat deui

Cepot: Jadi premanisme teh diangkat deui. Ulah! Kapan ceuk keterangan ge kitu. Heh jelema iman, omat maneh ulang ngajadikeun dulurdulur maneh, bapa-bapa maneh jadi pamingpin sakira eta jelema masih keneh kupur. Sabab nu kupur lain matak ngamajukeun ka nagara jeung bangsa, nun kupurmah bakal ngundang malapetaka ceunah.

Semar: Heueuh, tuturkeun urang ka sawarga ayeuna, raja teh keur hararees jeung wakilna, numatak dina lebah dieu tuturkeun siajadi gantina. Tuturkeun

Cepot: Etateh heueuh kitu?

Dawala: Ah pokonamah percaya weh bapa urang

Buktikeun weh kaditu

Cepot: Henteu ieumah urang nyatakeun weh, lamun bohong urang teunggeulan diditu.

Dawala: Urang tuturkeunweh tapak lacak kolot

Cepot: Heueuh

(Musik)

Teu aya nu nganyahoankeun di lawang selamatangkep balaubatebata balaube kabongohan, Semar, Astrajingga Dawala moblos langsung ka karaton Bale Marcikonda. Ti karaton Bale

Marcikonda langsung ka karaton Himawat, kasondong di Karaton Himawatteh, batara guru sareng Narada teh kantun wujudna hungkul. Singhoreng eusinamah keur apruk-aprukan di dunya haying mibanda kana layang jamus kalimusada.

(Kawih)

Semar: Ah ah ah ah.. tuh geuning. Heueuhweh deuleu ieu. Nanaonan ari aing ieu?

Cepot: heueuh pa naha ieuteh nuju karulem?

Semar: Lain sare

Cepot: Tapi?

Semar: Ieu teh make obat kuat deuleu!

Cepot: Make obat penguat?

Semar: Wujudna teh teu bau. Keur ninggalkeun raga badag

Cepot: Ai raga lemesna?

Semar: Heueuh ke urang ngadongeng, diuk, diuk diuk!

Dawala: sembah kapihatur

Semar: Moalge nembalan jelema paeh

Dawala: Maot kitu? Innalillahi wa inna ilaihi rooji'un. Boa ngadahar sampeu? Kabebebeng meureun?

Semar: Diuk, diuk, diuk!

Cepot: Puguh, da eta teh isi seta

(Kawih)

Dalang: Taket ku ningal ka ningali. Taket ku ningal ka ningali.

Cepot: Eta bapak kagungan panaropongan. Saur bapa rajana keur hararees.
Enya we geuning.

Semar: Lain hees deui ieu teh deuleu, ninggaleun raga badag.

Cepot: Kuring ninggalkeun kurungna, pasti eta korongteh bakal garing.

Nukaciri ngan ukur karang

Cepot: Nu kaciri ngan ukur karang

Nya puguh weh ngan kerung

Cepot: Nya heueuh weh paingan biwirna kerung.

Paingan loba kurang

Cepot: Numatak kahandapna oge seueur kurang, teuh. Da geuning di dieu
keur hares.

Semar: Hahaha, tah ai raga lemesna teh, buta tea nu rek ngala nyawa
dewek. Dititah ku pamingpina.

Cepot: Eeeeh, boa geuleuh ka bapa.

Semar: Lain! Manehna teh maling layang jamus kalimusada, lambang
kagungan nagara. Tah ku dewek supaya ulah diganggu, jadi weh
diala nyawa.

Cepot: Eta hebat bapa, bapa Semar nepi ka apal kana skenario dalang.

Apal atuuuh

Cepot: Da abimah pa, sanajan jeung dalang babarengan, da poek weh teu appal saha-sahana. Ai bapamah abong kena dina kakawen geus ditangtukeun

Kumaha tah dina kakawen?

Cepot: Wayang anu maring dalang. Dalang anut maling wayang

Semar: Lain maling wayang sia teh, maring!

Cepot: Heuheu, enya.

Dalang enut

Cepot: Hehehehe. Dalang enut, nepi ka teu dating deui nepi ka ayeuna. Heueuh tah kitu ceuk aing oge.

Semar: Sok jang, tuluykeun ku silaing jadi raja. Eusian langsung ejeung wujud silaing jadi raja, nu saurang jadi wakilna heug jadi Narada. Malahan silaing teh jadi raja di raja. Raja nu ngarajaan raja, narpati nu nganarpation narpati, ratu nu ngaratuan ratu. Heuh kabeh raja-raja nu didinya teh bakal sujud ka silaing.

Cepot: Aya kitu.. siap pak ah

Semar: Hah?

Cepot: Siap

Semar: Dawala?

Dawala: Pa, sing isin ku keterangan ayat-ayat Allah.

Semar: Naon?

Dawala: Ari nitah teh kudu ka ahlina, mu nitah klain ka ahlina tunggu karuksakanana, urang teh sagala oge kudu bi.

Cepot: Naon bi teh? Naon bi Ayi? Bi Onoh? Atawa bi Egot atawa bi Nunuk?

Semar: Bi teh naon?

Cepot: Naon bi teh euy?

Dawala: Ai biteh kalayan. Biqudrotillah, biirodatillah, biidznillah, bifadlillah, bi'aunillah, bi'ilmillah, birohmatillah. Ulah karep urang hirup teh. Si ieumah nya ngarontok dibere nu kieu mah atuh. Kudu dipikir dibolak-balik, dipapay dirasa-rasa, bisi belengkung bekas nyalahan. Da lain gawe enteng-enteng jadi pamingpin teh. Yeuh sahabat nabi mah rek dijadikeun raja, rek dijadikeun pamingpin, disebutna ge musibah. Ayeuna nepi katotoroso, aya naon kasang tukangna?

Boa-boaa, tina hayangna ge..

Dawala: Kuhayangna ge geus kaciri

Boa-boa rek ngagunakeun aji mumpung meureun

Semar: Rek ngagunakeun aji mumpung? Rek ngagunakeun aji dolacis?
Heuheuheu

Cepot: Heueuh ning era dikitukeunmah euy

Dawala: Heueuh..

Eleh ku adi atuh ari akang

Cepot: Tapi da ieu mah perintah

Aaah, perintah

Dawala: Heueuh ari urang jadi pamingpin teh iyeuh, kudu apal seluk belukna.

Cepot: Ieu mah perintah, perintah orang tua, lamun urang teu ngagugu kanu jadi kolot, bahaya. Ari indungjeung bapa teh ari bapa teh tangga darajat, tah indungteh tungkul rahayu. Pangeran oge deuleu, dugi ka ngelehan ajeun.moal ngahampura kami ka anjeun, lamun anjeun can dihampura ku indungna jeung ku bapana. Turut kolot heulaanan.

Atuh sangsara di dunya , senang-senang di aherat

Cepot: Sing mikir siah, urang teh di dunya teh sangsara. Sungan sangsara di dunya, engke di Cianjur eunghar.

Hahaha

Dawala: Hayang beunghar, hayang majumah tuturkeunwe pa Mardiano

Cepot: Enya..

Dawala: Enya, pengusaha ongkoh boga PT ongkho, bank bogaeun

Aah, etamah sagala aya atuh, sagala nyampah.

Cepot: Heueuh tah kitu jadi mun nitah teh kudu kanu beunghar pa, da ari kanu malarat keiu mah ngke na ge kadiruna ge huuuu sagala dicapluk.

Semar: Heueuh nya eta ulah, sok ayeunamah sementara sok sia jadi pamingpin didieu, wayahna.

Cepot: Ai maksudna?

Semar: Engke, dimana silaing jadi raja, jadi batara guru,dewek dek ngagiringkeun jurigna nu dihadap, kedimana kadieu, da sabernamah ayeuna ge manehna teh geusnyahoeun, geus kapanggih ku aing, pasti bakal balik kadieu. Tah balik kadieuieku wujud geus aya nu ngeusian. Keun hayang nyaho lumpat kamana

Kasaha tah hayang nyaho.

Semar: Tah layang jamus kalimusada teh dibabawa ku manehna ayeuna teh.nya sugaranweh ke dibawa ka Amarta, giringkeun ku sia ti dieu kaditu.

Cepot: Ka Pandawa?

Semar: Heueuhh

Cepot: Heuh, ke urang rek menta buruh

Dawala: Heuuuh, si eta mah dakitu wae, hayang aya pamrih si etamah nuntut jasa wae si etamah, loyalitasna teh euweuh, euweuh si etamah.

Nya atu da meureun ningali gawe heula

Cepot: Heuh da naha kekesahanga. Hahahaha

Dawala: Heueuh ari ngaran-ngaran pangabdianmah teu kudu dipenta. Da engke ge pagawean nu ngomongmah heueuh?

Enya..

Semar: Sok jang, sok sok sok

Cepot: Dupi sara sareng katangtosanana?

Semar: Heueuh adi ka adi, lanceuk ka lanceuk

Cepot: Adi ka adi, lanceuk ka lanceuk?

Akang apal panca kaki na eta?

Cepot: Berarti abi ka Bataraguru

Dawala: Ke ari ieu teh kumaha panca kakina pa, ari Narada jeung Bataraguru teh mana lanceukna?

Cepot: Seug, manawi bapa apal sajarah pawayangan. Ulah ngan ukur nyieun yayasan, weh nyieun yayasan, nyieun organisasi padalangan, ari kana kurawa teu apal kabeh.

Seug,tanyakeun ka si Agil tah.

Cepot: Ngadagoan proyek hungkul?

Semar: Na sia teh kamana karep ngomong teh teu nyambung?

Cepot: Heuh sugar weh aya nu ngadenggeeun. Dina ngadenggeeuna ge dipareuman weh meureun

Ah, moal daekeun nyetel anu geuleuheun mah.

Semar: Ai panca kakinamah deuleu, Bataraguru mah adina, Narada lanceukna

Cepot: Heueuh berarti abdi kudu ka Bataraguru

Semar: Naha?

Cepot: Apan abiteh ka si Dawala teh lanceuk

Hahahaa

Cepot: Bapa geura sok, heula mana ngukut abi jeung si Dawala.

Semar: Heula keneh domba da harita teh.

Cepot: Tah meureun abdi ka domba teh abi lanceuk

Semar: Sing nyambung atuh teh sia teh

Cepot: Enya, abdi teh lanceuk si Dawala atawa adina?

Semar: Silaing teh lanceukna

Cepot: Enya didieumah di jawa barat, da di jawa tengah mah abiteh adina

Di Pamanteb

Cepot: Di Pamantebmah

Ari ieu dimana?

Cepot: Uingmah hayang milu ka jawa weh ai tina lebah dieu mah..
heheehe

Ari boga kahayang teh budag-badug si etamah. Hahaha

Dawala: Haahahaha. Nya si etamah ari boga kahayang tehbudag-badug,
dibelaan galur oge diawut-awut, heueuh.

Semar: Wayahna weh silaing Narada meuereun si Dawala Bataraguru

Cepot: Ah, alim kurig diparentah ku adi

Semar: Jang, tugas ti bapa ieu rek digugu moal,

Cepot: Sanajan tugas oge ari matak ngarugikeun mah

Semar: Rugi naon siateh? Dateu ngaluarkeun modal, siamah ujug-ujug
dijadikeun, baturmah mangjuta-juta deuleu!

Cepot: Heueuh nya baturmah mangjuta-juta, ka parahu ieu sakian milyar,
ka parahu ieu sakian milyar. Atuh lamun kitu mah lain rek usaha,
lain meunang aing, heueuh?

*Enya, numatak akang ulah waka menta buruh, ngapupulur memeh mantuh
atuh akang*

Cepot: Ulah pupulur memeh mantuh nu pentingmah, uyuhan teu
balareunghak ieu beuteungna euy

Semar: Sok, daek teu?

Cepot: Enya lah teu nanaon lah

Hahaha, jiganu kapaksa

Cepot: Tapi hate pa

Semar: Tapi sing rido tina hate

Cepot: Nyaeta, henteu.

Semar: Tah lamun teu rido, sayembara.

Cepot: Sayembara kumaha?

Semar: Pakuat-kuat napas

Nahan napas

Semar: Pakuat-kuat nahan napas mepekbayu

Cepot: Siap, heup

Semar: Engke, sok pindah Dawala kahareup

Dawala: Abdi?

Semar: Tah kitu

Semar: Saha nu kuat teu ngarenghap lima menit, eta nu bakal asup ka
Bataraguru

Sayembara

Cepot: Hiyaaaaaa BataraGuru

Naon, hayang berubah caritanateh

Cepot: Berubah!

Semar: Sok, mepekbayu sing kuat

Cepot: Bapa ka Narada

Semar: Teu hararayang teuing

Cepot: Ka Narada

Semar: Mimitian teu ngarenghap lima menit, heup. Cing kuat jang, lima meunit, deuleu.

Jol kararoneng

Semar: Lima menit, karek samenit

Halah, jauh keneh

Semar: Tahan

Alah eta bentang jeung manuk singlicit luhureun

Semar: Karek samenit satengah

Cepot: Hoh hoh hoh..

Semar: Aaah sia

Cepot: Naon?

Jauh ka meunang

Semar: Tejo si Dawala

Cepot: Ah api-api, tikitik kitik..si Dulang dimana eunteupna, a beuteung bapa

Semar: Nya getek ari sia

Cepot: Hahaahahah. Si ieu kuatan euy, sieun eleh aingmah. Heu!

Waaah kapandeurian

Semar: Ah, kapandeurian sia

Dalang: Dawala parantos lebet kana wujud Batara guru

Dawala: Euuuuh, uuuhh..

Cepot: Heuh, heuh, heuh

Semar: Naon sia teh?

Cepot: Lain naon-naon, hirup. Berarti lelembutan abdi tos kaditu

Aah, piraku lelembutan masih ngocoblak keneh

Cepot: Pa, tah eta teh abdi, sia teh aing, aing teh sia.

Lamun sia lain aing, aing oge lain sia

Cepot: Lamun sia lain aing, aing oge lain sia. Euleuh.. Hapunten kulan

Teke

Cepot: Upami bade ngahukuman abdimah abdi teh aya nu nyandak. Aya nu miwarang, tah ieu Semar buktina.

Dawala: Naon? Naon aya nu miwarang?

Cepot: Na sia sora si Dawala? Dawala?

Dawala: Heuh ieu.

Cepot: Dawala?

Semar: Yeeeeeh da sia mah teu kuat mepekbayu

Cepot: Eta teh silaing?

Dawala: Heueuh

Cepot: Laailahaillalloh, kadieukeun siah kadieukeun ah!

Semar: Naa bisina bisa dikitu-kitu atuh

Cepot: Najis teuing, aing teu hararayang teuing make nu kieu patut

Dawala: Yeeeeeh wayahna da ieumah perintah kolot atuh

Semar: Wayahna jang, rek ngagugu moal silaing, mun ngagugu dibalikeun
deui siyah ku aing ka dunya

Cepot: Embung ah bebeng euweuh cangkengan, abi mah kahayang teh
kanu ceking

Semar: Naha sia teh

Cepot: Hese diuk, nu bebeng kitu mah cara bapa geuning

Semar: Hayoh sia, hiji hiji hiji, hiji hirup, hiji nu hirup, hiji kahirupan
ngagulung galang jadi hiji, syaaaah! Hese-hese teuing sia mah

Wayahna

Cepot: Hah, teu hararayang teuing

Dawala: Teu hararayang kumaha, enggeus

Cepot: Geus naon?

Dawala: Heuh eta teh geus dipake

Cepot: Laailahaillalloh bapa, haroream ari jeung merang kieu

Semar: Wayahna jang wayahna

Cepot: Sing sabar, ieu punduk nepi ka euweuh potonganana, jeung
kolesterol deuih, euweuh, euweuh rengrengan rengrengan acan mun
dina domba mah

Semar: Wayahna jang wayahna, perjuangan perjuangan jang

Cepot: kumaha geuning?

Semar: Tah sora, dehemkeun, dimana geus opat kali dehem geus beda,
enggeus. Sok dehemkeun dehemkeu, sok

Dawala: Ehem, ehem ehm ehm....Ehm,,, ehmm.. ehm...

Semar: Tah geus robah euy

Dawala: Kakang,ai Bataraguru ka Semar teh lancek, kakang Semar Bandarnangka

Cepot: Badranaya borokgoblog, haduh bener halimpu euy

Cepot: Bener demi Aloh aingmah

Dawala: Ngunjuk sumangga naon rupi hal, parentah nu jadi kolot, putra maksad ngalaksankeun kana naon rupi hal pancen panjenengan

Cepot: Hebat euy

Jeung eta bahasana ge ngadak-ngadak

Cepot: Ngadak-ngadak nepi ka lemes kitu, aduh, aingmah, dewek nepi ka orongoh kieu deuleu. Lain, nepi ka kieu

Semar: Sok silaing di robah

Cepot: Ah tong dirobah

Semar: His, kapanggih sia ku dewa-dewa. Ngke teh dewa bakal dararatang lamun salse mah deuleu, bidadari

Cepot: Tah heueuh, bidadari euy. Dewek bidadari panggeulisna heueuh?

Dawala: Tong dibawa heureuy ieu teh kolot teh serius

Serius

Dawala: Syerius. Urang jadi raja di wiloka teh moal saeneng-eneng, pasti weh ukur saliwet. Heuheuheu

Saliwat..

Cepot: Sok, ehm ehm ehm..

Semar: Ulah diciduhkeun, kotor siah, di karaton Himawat ieu teh.

Cepot: Teureuy deui weh.

Cepot: Ehm, ekhm

Semar: Sok ngomong, sok! Ngomong!

Cepot: Aeuh

Semar: Nya tong tarik teuingatuh sia teh

Cepot: Dupi midamel atuh bapa Semar Badranaya, putra bade ngajalankeun pancen tii salira panjenengan. Jadi wakilna si eta. Unjuk sumangga bapabade dilaksanakeun naon dupi nu ditugaskeun, nyarengan si eta. Kula anun bapa Semar.

(musik)

Semar: Coba cilaka deuleu, paingan ngajadikeun ka lain ahlina teh ancur deuleu. Ancur sawarga dipimpi ku nu garelo kieu. Hahaha nggeus weh pokonamah aing rek ngadagoan di Amarta, ngadagoan di Amarta. Buru-buru siah. Hahaha..

Cepot: Aeh aeh kadieu adi guru nyembah ka aing

Dawala: Tibangkong, e tibalik, sampean anu kudu nyemprung, eh nyembah ka kaula.

Hehehe cing baleg euy cing baleg euy.

Cepot: Wayahna ayeuna silaing anu kudu nyemplong, eh nyembah ka dewek.

Dawala: Urangmah geuning cineknamah pikeun ngagiringkeun penjahat, lamun dating deui ka ieu tempat urang giringkeun ku urang sarerea, nyaeta lumpata pasti moal kamana. Lintang ti ka nagara Kairo

Cepot: Heh, Amarta sia teh

Dawala: Aeh heueuh..

Cepot: Kitu

Dawala: Kitu kakang tangkurak Panji

Haduh panjina rada, panjiduran

Dawala: Mangga, urang sami-sami jalankeun pance

Cepot: Kumaha ceunah ayeuna bidadari kabeh sinah diribonding?

Alaaah

Dawala: Ulah kamana wae,

Cepot: kawah candra dimuka urang ganti caina ku ci tiis, urang peakan lauk lohan.

Widadari sinah umroh

Cepot: Widadari sinah umroh, dewa-dewa sinah kaditu jaroh ka makamna nabi Adam

Ka Saudi Arab gundul

Dawala: Kamana?

Cepot: Ka Saudi Arab gundul

Arabia

Dawala: Arabia, kitu kakang panjrada

Cepot: Hait hayo buru-buru atuh buru-buru hah!

Dawala: Aeh eh, itu geuning nu rek maehan bapa urang teh

Cepot: Mana?

Raja: (ngawih) Paketenera, katingali paketenera paningali.
Yaaaaaeeyaaeee aeh aeh aya nu ngeusian kucap-kiceup itu wujud urang

Patih: Enyaa

Raja: Boa-boa kalengkahan ucing, tobaaaaat, anu teu disangka kakang

Patih: Tuh wujud urang kucap kiceup, ngandung harti aya nu ngeusian.

Raja: Saha mangkelukna anu kumawani model kieu kakang?

Patih: Heh, kakang Togog?

Raja: Geus kabur deui, pan anu leutik anu jadi buta teh kakang Togog

Patih: Heueuh

Raja: Heueuh bisi maneh teu ararapal manehnamah

Aih Deden geuningan

Raja: Anu ngaku Deden ti Kadungora teh etateh Nunu

Dawala: Cumantaka anjeun kumawani datang ka karaton Himawat. Biasana tamu mah ngan ukur sasambet bale sagala-gala

Cepot: Bale mah di Cikonda

Dawala: Eh enya, bale si naon?

Cepot: Bale Marcekonda naa ari adiguru. Bale sagala-galamah engke diditu.

ieu mah bale desa

Patih: Heuh? Saha?

Dawala: Ngaran kaula sarerea ge geus apal anu leungeuna opat anu kieu ngarana nyaeta barakatak guru

Cepot: Coba itu Barakataknna

Batara euy, Bataraguru

Dawala: Nyaeta raja sawarga manilok-lokan

Cepot: Maniloka

Dawala: Tah heueuh

Cepot: Eta tatanggana sawarga meuni rajan, anu ngke arek diayakeun aben ngadu domba dina tanggal opat belas atawa lima belas tah euy ah, kade daratang euy

Cicing atuh kang.

Patih: Saha nu baleg siah!

Dawala: Kumawani anjeun nyarekan ka kaula anu ngaran Bataraguru raja Triloka. Kaula bakal ngumpulkeun dewa sadaya, bakal dikepung wakul buaya mangap ieu sawarga bakal awut-awutan.

Raja: Eut! Cilaka

Raja: Numawi bikeun deui weh eta layang jamus teh ka pandawa, bari urang menta tulung menta dipangnyokotkeun ieu baju saha nu ngeusianana

Patih: Hayoo..

Raja: Waaah pandawa ulah kaget ieu kaula

Dawala: Eh eh, kang

Dawala: Ulah

cepot: Aya naon euy?

Dawala: Maenya ka raja Triloka euy

Cepot: Nyaeta geus adat kakurung ku iga, mata urangtong dibiasakeun
ayeunamah urang geus diuk dina korsi teh jadi panutan sarerea.
Urang tina cai pindah tampian

Cepot: Kamari ge pindah kontrakan lapur diudag-udag ku nu nagih tina
listrik

Dawala: Wayahna urang udag ka nagara Amarta, urang penta
tanggungjawabna, urang keluk, naha bener rek mikeun layang
jamus kalimuada. Tambahan weeeh kitu sabulan deui.
Pangharewosankeun

Cepot: Siap teu nanaon lah

Dawala: Urang udag weh

Cepot: Kumaha lamun itu teh urangteh ambeh dipercaya datangna kudu ti
luhur, Subuh weh kadiruna urang naek

Dawala: Ka?

Cepot: Kana tangkal kai, tah ke urang ngajleg. Euuu ladala gedebut.
Ambeh jiga. Heuh kitu hade

Cepot: Bari karesepna gatot kaca teh pan batu ali?

Dawala: Heem

Cepot: Urang neangan manuk

Dawala: Endog manuk?

Cepot: Manuk piit, geuning jiga batu ali.

Dawala: Enya belang

Cepot: Atawa endog puyuh, bejakeun weh ieu teh virustah ieu teh virus

Dawala: Virus naon?

Cepot: Virus aids

Dawala: Nya kumaha didinya weh

Cepot: Atawa endog manuk urang teuleumkeun kana aspal, atawa urang nyimpang

Dawala: Kamana?

Cepot: Kaa si Kanan, urang cinah dibalur ku cet hideung, urang pilok.
Bebeja weh kitu widuri ulung, da resepent gatot kaca mah.

(Musik + kawih)

Euut, berubah

Raja: Ieu lamun teuing kakang Semar Badranaya. Ampuuun moal sakali-kali deui. Da kaula teh hayang tepung jeung dulur pangna kikieuan teh kakang Semar, hayang ngabejakeun ka Pandawa, ieu layang jamus kalimusada teh ulah ngan ukur ditunda dina lomari atawa dijadikeun papaes, tapi dijadikeun dina gawe, dina pangabdian ka nagara jeung bangsa. Waah sakitu kaula ampun, da niatmah kaula teh hade, hayang mariksa ieu layang jamus kalimusada. Sabab geus puluhan taun kaula teh can nyaho. Ieu teh bisi, aya nu malsu geuning yakin enya keneh, ieu layang jamusteh, kitu kakang Semar Badranaya

Semar: Heug heug heug, sok diditu nyumput di ditu nyumput, nyumput..

Raja: Dimana?

Semar: Heueuh dinu buni

Dawala: Heh kakang Narada, geuning itu bapa urang aya didinya, urang sampeur.kakang Badranaya

Semar: Ah cucungik siah

Cepot: Wayahna ayeuna teh pang narompetkeun ayeuna teh rek ngadu
domba di saawarga

Semar: Ah siah!

Dawala: Kulantaran si Guyur teu aya, kitu kakang Semar Badranaya

Semar: Coba, lamun nepi ka Amarta bahaya siah, cilaka! Numatak ku aing
dicegah didieu oge. Geus ieu dibikeun deui ka dewek euy

Cepot: Naon?

Semar: Layang jamus kalimusada, tah ieu tah tah tah, bisi teu
percaya.

Dawala: Nya atuh teu nanaon. Geus kulit baruangan, beu

Cageur... bener

Cepot: Ampun, nepi kakieu. Nanaon ari bapa

Semar: Da lamun sia ka Amarta era deuleu.

Picilakaeun

Semar: Picilakaeun, komo Gatot gaca rek ditipu ku batu ali

Bisa ngarobah adat

Semar: Hehehehe, sok buru-buru abus!

Musik

Bataraguru: Haduh.. nuhun atuh kakang Semar

Semar: Tah lamun rek kitu atuh badami heula. Rundingan heula, moal nepi ka kieu, deuleu.ngaran-ngaran dulur jeung baraya mah meureun kudu kieu, hayang panggih jeung dewek, ruing mungpulung jeug dulur. Lain teu haying ka sawarga, ngan meureun bisi di curiga ku Pandawa, ngan ceunah meureun Semar teh dulurna dewa, moal teu nyembah ka dewek.

Bataraguru: Heu. Dupi nu dipidamel?

Semar: Keun weh, urang bajuag weh nepi ka palebah mana. Pandawa kurawa urang saksian.

Bataraguru: Dupi nu damel?

Jang..

Semar: Heuh hampura weh nya ti uwa. Atuh ka sadayana, kana ayana hiburan wayang golek di TPI ieu, muga-muga weh sadayana tehsing arageung milik paranjang yuswa

Aamiin

Semar: Dirgahayu kabupaten Bandung anu ka tiluratus genep puluh opat geuning nya kamari dirayakeun

Muhun..

Semar: Wilujeng sumping oge atuh kalayan wilujeng marulih deui ka tamu-tamu ti nagara-nagara kapanan kamari teh konferensi Asia Afrika tea nya?

Muhun konferensi

Semar: Atuh ti uwa.. ngahaturkeun rebu nuhun laksaketik ka TPI anu parantos nayangkeun kasenian tradisi wayang golek khusuna nya cu?

Muhun..

Semar: Wilujeng kantun weh ti uwa, rupina sakitu ti uwa

(Musik)



CURICULUM VITAE

Nama : Reza Robbia Mangunjaya

TTL : Serang, 12 April 1990

Jenis Kelamin : Laki-laki

Orangtua

Ayah : Edi Wahid Mangunjaya

Ibu : Sri Chandra Trisnawati

Pendidikan : - SD Rancoloa 01 (1995-2001)
- SLTP N 18 Bandung (2001-2008)
- MA Assalam (2004-2010)
- UIN Sunan Kalijaga Yogyakarta (2010-2016)

Pengalaman

Organisasi : - Takmir Masjid Syuhada (2010-2013)
- Bendahara Gorong-Gorong Institutute 2013-2014
- Keamanan Gorong-Gorong Institutute 2014-2015

CP.

Email : - rezarobbia@gmail.com

Kontak HP : - 08562925064